# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ МОЙНАҚ РАЙОНЫ ТАРИЙХЫ (1931- 1950- жыллар)

**З.Б.Есназарова**
*тарийх илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Изертлеў темасының актуаллығы** соңғы жылларда социал тарийх машқалаларына илимий қызығыўшылықтың артўы менен күнделикли турмыс тарийхын, тарийхый билимлер тараўына Қарақалпақстан қалаларының ҳәм районларының дүзилиўи күнделикли турмысын бир тараўға бөлиў менен анықлнады, бул ҳәзирги тарийх илиминиң тийкарғы машқаласы болып табылады. Изертлеў темасының актуаллығы Қарақалпақстанда қалалар ҳәм районлардың күнделикли турмысы машқалаларын үйрениўге аймақлық жантасыў менен белгиленеди. XX ҳәм XXI әсирде Қарақалпақстанда қалаллардың ҳәм районлардың күнделикли турмысы тарийхын ҳәр тәреплеме илимий жақтан изертлеў ҳәзирги күнге шекем әмелге асырылмаған. Қарақалпақстанның қала ҳәм районларының күнделикли турмысын шөлкемлестириўдиң дәстүрлерин, тарийхый тәжирийбесиниң сыпатларын билиў ҳәзирги заман жәмийетиниң көплеп социал мшқалаларды аймақлық характерин толық есапқа алатуғын механизмлери арқалы шешиў мүмкиншилигин береди.

**Мойнақ районы** 1931-жылы 19-сентябрьде Советлердиң Пүткилроссиялық Оайлық Атқарыў Комитети Президумы жанындағы ҳәкимшилик комиссия Қарақалпақстан Автономиялы ўәлиятының қурамында жаңадан санаатлық Мойнақ районын дүзиў ҳаққында мәселени крап шығады ҳәм қарар қабыл етиледи. Бул қарар бойынша төмедегише болған.

Биринshиден, Ҳәмкимшилик орайы Мойнақ посёлкасы болып, Қарақалпақстан Автономиялы ўәлиятының қурамына жаңадан Мойнақ районы бөлинсин.

Екиншиден, Мойнақ районының қурамына төмендеги аўыллық советлер менен елатлы пунктлер киргизилсин [1].

Қараөзек районынан: 1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, 8, 9-аўыллық советлер ҳәм олардың қурамына киретуғын елатлы пунктлер.

Қоңырат районынан: 1- аўыллық совети , Қызыл жар ҳәм Сарыкөл елаты толығы менен, 15-аўыллық советтен Үрге посёлкасы.

Тахтакөпри районынан:1-аўыллық советтиң елатлы пунктлери: Ақбеткей, Қарабайлы, Қуйрықты, Тербенбес елатлары киреди. Мойнақ районы 1963 жылы район тарқатылып жибериледи, 1964-жылы қайта тикленеди [2].

1931-жылы 19- сентябрьде Қарақалпақстан Автономиялы ўәлаятының қурамынан жаңадан Мойнақ районын бөқип шығарыў ҳаққындағы қарары қабыл етиледи ҳәм ҳәкимшилик комиссиясының Мойнақ районын дүзиў туўралы жоқарыдағы қарары толығы менен бекитеди. Демек усы фактлер тийкарында 1931-жылы 19-сентябрьде Мойнақ районының өз алдына район болып дүзилген күни есапланады.

Тарийхый дереклер халық аўыз еки дөретпелеринде районның Мойнақ деп аталыўының себеби районның жайласқан жери ярым атаў ақ төбешик болып, жоқарыға созылып буратылып туратуғын болғанлықтан теңизде киятырған судонлар, кемелер узақтан көринген ақ төбешикти көрип, олар биз енди мәнизилге жақыладық, **мойны ақ төбешик көринди** деп айтатуғын болған. Кейин ала көпшилик халық буны жеңилетип Мойнақ деп атайтуғын болған. Сонна Мойнақ деп аталып кеткен дейди [3].

Мойнақтың географиялық жайласыўы Қарақалпақстан Республикасының ең арқа тәрепинде жайласқан болып, оның көпшитлик тәрепи Арал теңизи менен тутасып, Қазақстан Республикасының Атыраў областы территориясы менен шегараласқан. Қубла батысында Қоңырат районы, қубла шығыс тәреплери Кегейли, Шымбай, Тахтакөпир районлары территориясы менен тутасады. Ҳаўа райы кескин континенталь, жазы ыссы, айыпым ўақытлары +39,+45 градусқа көтериледи. Қыс күнлери – 25-35 граудус суўық болады. Мойнақ районының жер майданы 37900 квадрат километрди қурайды [4].

Мойнақ районының Арал теңизиниң түслик-шығыс жайлаўларында 300 ден аслам атаў ҳәм ярым атаўлар болып, бул жағалаўларда балықлар тәбийий өсип көбейетуғын биологиялық шараятларға қолайлы жайласқан. Көллерде атаўларда ҳәм оның аралығындағы қолтықларда ҳәр қыйлы теңиз ҳайўанлары ҳәм қуслар дүньясының өсип раўажланатуғын, азық-аўқатқа бай ҳәм уялаўға қолайлы өсимликлер дүньясы болған [5].

Архивлик ҳүжжетлер бойынша, 1933-жылы 15-ноябрьде Пүткил Россиялық Орайлық Атқарыў Комитетиниң қарары (ВЦИК) менен Мойнақ аўылы сол дәўирде жумысшылар посёлкасы тайпасына киреди. Усы дәўирде Мойнақ Қарақалпақстан АССР қурамына киргенн, ол өз нәўбетинде РСФСР қурамына кирген [6].

Демек, 1950-жылларда Мойнақ қала типиндеги халық жасайтуғын пункт

болды. 1963-жылда Мойнаққа қала статусы берилди. Арал теңизи бойындағы Арал менен бирге еки қаланың бири еди.

1960-жылларда пахта суўғарыў ушын Әмиўдәрьядан мелоративлик каналлар қурыў басланады. Нәтийжеде Арал теңизине суў азлаў ағып, суўсыз бола баслады. 1980-жылдың орталарына шекем Мойнақ Арал теңизиниң қубла бойындағы раўажланған балық аўлаў порт қаласы болған. Қалада градообразующим кәрхана ҳәм бурынғы СССРдың ири балық консерва заводларынан бири болған Мойнақ балық консерва заводы ислеп турған.

Архив мағлыўматлары бойынша , Мойнақ консерва заводы1938-1942-жылларда қурылған. Сол дәўирде Мойнақ консерва комбинатының дирекциясы массалық маманлықтыағы кадрлар таярлаў бойынша бир қатар илажларды әмелге асырды. Комбинатта усындай мақсетлер ушын 1941-жылы 1,4 мың манат ажыратылды. 1941-жылы бул жердеги техникалық кружокларында 76 адам шуғылланды. 1941-1945-жылларда яғный урыс жылларында Қарақалпақстанның балық санааты Өзбекстан ССРының азық-аўқат индустриясының жетекши тараўларының бирине айланды[7]. Мойнақ гөш-балық комбинаты ҳәр жылы фронтқа бирнеше миллионлаған банка гөш ҳәм балық консерваларын жиберип турды. 1941-1945-жыллар даўамында комбинаттың рабочийлары ҳәм инжинер-техник хызметкерлериниң жигерли мийнет етиўиниң арқасында фронт ҳәм тыл ушын 20 миллион банка гөш жәнe консервалары жетистирилип берилген [8].

1946-жылы февральда Мойнақ районына тийисли Қазақдәрья балық заводында балық консервалары таярланған. 1947-жылы усы зваодта 3900 центнер балықты мәмлекетке тапсырған. Тийкарынан Мойнақ районына кириўши сол дәўирде 12 балықшылық калхозы, 77 бригада 1830 балықшылар жумыс ислеген. 1949-жылы Мойнақ балық консерва комбинаты балық аўлаў жобасын 105 процент етип орынлап шықты, жыллық план бойынша белгиленген 19840 центнер орнына 20920 центнер балық аўланды, ал консрева ислеп шығарыў паланы 111,5 орынланады [9].

1949-1950-жыллары басқада балық заводлары болған булар Қазақдәрья, Порлытаў заводлары балықты қайта ислеп шығарыў бойынша әҳмийетли орынлардың бирин ийелеп турған. 1950-1958-жылларда Қарақалпақстанның санаат кәрханалары кеңейтилди ҳәм реконструкцияланды, сондай-ақ жаңа кәрханалар қурылды. 1950-жыл менен салыстырғанда Қарақалпақстан санааты улыўма өним ислеп шығарыўда 24,3 процент арттырды. 1953-жылы Мағлыўматлар бойынша, Мойнақ балық консерва комбинатында пидақекерлик пенен мийнет еткен, рабочий

ҳәм хызметкерлерден Шестериков, Дакенов,Қалқоразов,Шагиахмедов, Танцеровалар болған, 389 ҳаял-қыз жумыс ислеген [10].

1930-1950-жылларда Мойнақ районы (Мойнақ қаласы) ның дүзилиўи ҳәм раўажланыў тарийхы, сондай-ақ социал-экономикалық ҳәм мәдений процесслерди изертлеў барысында төмендеги жуўмақлар ислеп шығылды:

1. Қарақалпақстан Республикасының 37,9 мың квадрат километрин, яғный, 22,9 процентин тутатуғын, кишигрим мәмлекеттиң аймағы екенлги, Мойнақ ертеден киятырған қарақалпақ халкының жасаў орны, байлықтың мәканы болып табылады.

**Әдебиятлар**


1. Текущий архив Муйнакского района. Папка за 1970-1980.
2. Всемирный исторический проект. Дата обращения: 8 июня 2011. Архивировано 3 декабря 2010 года.
3. Полевая запись автора. Папка № 1. 2022 г.
4. https://ru.wikipedia.org/wiki/ Муйнакский _район.
5. К. Кунназаров. Қарақалпақстанның қала ҳәм районлары. Нөкис, Qaraqalpaqstan, 2016. 123. Б.
6. ЦГА. РК,Ф.12,оп, 3,д.275,л.274.
7. ЦГА.Ф.№ Р-322.оп,1,л,235.
8. История Каракалпакское АССР.Том 11 изд.Каракалпакстан, Нукус-1977г. 415-416 бетлер.
9. ЦГА. РК. Ф,322.оп.1.Ед.хр.99.л.63.
10. История ККАССР. 2 томлық.изд.во. Каракалпакстан, 1986 г. 285,Б.